Nomer 9 | Salasa 28 Augustus 1928 (11 Moeloed 1347) | Taoen ka 5

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA PATAH
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
Sakali moeat sadjadjar sakolom 30 sen paling saeutik 10 djadjar sakolom.
Dibajar ti pajoen.
Langganan langkoeng mirah.

## Ratoe Adil.

Noe maos bisa djadi ngagebeg meuneusan, aja djoedoel matak moeriding boeloe poendoek.

Montong reuwas djoeragan-djoeragan! Koering mah lain kaom Bolojewic, tapi kolem rustig sarta borangan. Njeboet kitoe soteh, lain ngamaksoed hajang djadi ratoe adil atawa ngagnegeloekeun ngabenoem ratoe adil, tapi harti anoe dilarapkeun ka hidji kaom pamarentah, anoe hatena ngangkeun ka oerang, sasamana manoesa, saroea meunangna hak ti Pangeran enggoning ngoembara djeung boeboenara di alam doenja.

Saha noe dimaksood koe koering teh?

Ora lian kadjaba ti djago Eropa, anoe katjida dipikameumeutna koe koering, sarta meh oenggal oesik koe koering ditoelis boeah pikiranana dina bip. Nja eta djoerg. Ir. Cramer tea.

Noeroetkeun B. Nieuwsblad anoe tanggal 11 boelan ieu, andjeunna geus miantara deui dina Congres der tweede internationale di Brussel dajeuh België, sarta sakoer mimanahanana djeung pamaksoedanana katampa koe sarerea.

Noe dibiantarakeun teh nja eta, jen tanah kolonie di Aprika djeung sakoeriling-koerilingna Stille Oceaan, anoe teu atjan kaadjangkeun ka oerang Eropa koedoe tetep djadi ~~kaboganana oerang priboemi.~~

Oenggal-oenggal koeren̄an koedoe dibagianan tanah sapitjoekoepeunana geusan hiroep.

Oerang priboemi teu koedoe majar padjeg, kadjaba ti lamoen rek digoenakeun pikeun kaperloeanana oerang priboemi woengkoel.

Pagawean paksaan atawa gawe kawadjiban anoe dibajar, tjara model herdines meureun, koedoe dileungitkeun oelah aja.

Tina perkara hasil industrie koedoe sina merdika oelah salawasna ngabdi ka Eropa.

Djelemana koedoe bener-bener dipapatahan ditoengtoen kana marentah sorangan (zelfbestuur), sarta koedoe didjaga pariement kademokrasian kageredjoed koe hajang njieun hasil (dibalantikkeun) atawa didjieun kaoentoengan.

Andjeunna toeloej njieun mosi, menta njieun kongres, pikeun netepkeun digawe babarengan ti antara sakabeh kolonie. Eta mosi tea koe kongres, ditarima baek.

Sapandjang andjeunna biantara, aja bangsa anoe kapala panas, tingbaraoek njeboetkeun teu tjotjog kana eusi eta tjarita.

Ajeuna, sanggeus diaos ieu noe di loehoer, biantarana djrg. Ir. Cramer, meureun kakara ngahaminan atawa mantenkeun ka koering, pang njeboet Ratoe Adil ka andjeunna. sabab kitoe galoer tjoektjroekanana. Tjeuk koering soteh, meudjeuhna pisan lamoen koering djeung sakabeh oerang priboemi ngamoega-moegana, soepaja Ratoe Adil anoe kitoe toedjoeanana tereh ngarekahanana ngalobaanana, ambeh djelema-djelema soegema hiroepna teu kadoengsang-doengsang

Senang pihiroepeun kaom priboemi lamoen diatoer kitoe tea, geus moal aja deui lantaran geus katjangkrem koe pangdjaga soepaja oelah nepi koerang teda koerang pake, da ari koe djalan ajeuna noe keur kalampahan mah kieu boektina, tina sarsilah tanah teh, matak ngadatangkeun loba kasoesahan.

Kasoesahan oerang, tina bab tanah pajo tjanggah wareng tea, oepama dibandingkeun djeung oerang Soematra, anoe kabeneran njarita djeung koering tina bab ieu, masih keneh senang madjarkeun teh, di ditoe mah leuwih katjida soesahna. Lain soesah koe atoeran wet tapi disoesahkeun (didjieun soesah) koe kapala noe koedoe ngoeroes tina bab eta.

Ieu tjarita, pantes beunangna dipertjaja lantaran dina Bintang—Timoer noe kamari ieu oge aja pakelakan oerang Lampoeng. anoe geus miboga (ngamilik) kana tanahna, bet sok gelosor dipaparinkeun ka noe menta keur dierpahkeun, kalawan teu meunang paroeroegi naon-naon, malah anoe koemawani ngala atawa noear pepelakan beunang maranehanana oge tjenah mah, dihoekoem bae teu meunang tjai atah.

Kitoe, model leuwih soesahna teh.

Kana lamoen djeung kahajang djrg. Ir Cramer tina perkara narik padjeg, ngajakeun padjeg, estoe matak goembira kabina-bina ka sakoer noe ngadangoe, komo pikeun kaom anoe geus ngarasa mopo koe majar padjeg mah. Bener meureun tjeuk pikir oerang teh, teu panasaran majar padjeg oge lamoen kitoe perdjalanana tjara redena djrg. Cramer.

Koering njarita kitoe teh, lain pisan emboeng majar padjeg atawa teu njaho kana kaperloean oemoem, tapi lantaran dina ieu kaperloean oemoem tea aja njoempoet rassenkwestie, anoe ngadatangkeun kelas-kelas.

Tjatjakan moen teu aja ieu mah, masalah kolonials politiek, koering bisa netepkeun, tangtoe karasana moal beurat tjara ajeuna, sabab saperkara aja basa paeh hiroep teu panasaran, kadoeana tangtoe moal gede tjara ajeuna.

Koe sabab koering njeboet kitoe, tangtoe aja noe njoesoel palebah mana njoempoetna eta rassenkwestie.

Hal ieu, koering moal ngadjawab koe pamanggih noe penting atawa djero, bisi njalahan djeung teu timoe ongkoh, ngan rek noendjoek bae kana B.B.L. atoeran ngagadjih pagawe goepernemen tea, naon gawena naon toedjoeanana anoe matak aja schaal A—B djeung C? Ieu teh ora lian kadjaba ti ngabeda bedakeun bangsa djeung kelas.

Geura mangga lamoen kabeh disamaratakeun mah djeung kelas „kambing" schaal B, tida taoe apa, poekoel rata barang anoe tangtoe pisan bahroeting dina oenggal—oenggal taoen moal gede tjara ajeuna, sakoerangkoerangna ngan satengahna sasari.

Koe ngoerangan bahroeting tea, geus tangtoe pisan ngoerangan deui kana roepa roepa lasten oerang priboemi, moal tjara ajeuna.

Djadi . . . moen kitoe teh senang na koe doea koe tiloe. nja koe teu aja genah kapanasaran tea, djeung koe boekti djinis lasten ngoerangan. Toengtoengna matak senang ka ditoe reudjeung ka dieu.

Ari eta mah, ka heethoofdigen anoe teu ngamoepakatan kana saoerna Ir Cramer pantes kana kitoe haoekna, bajang sagala ngahak koe sorangan. Ari tjeuk koering mah koelhoofdig, satar laran taban . , . . . alon, alon . . , koedoe nete taradje nintjak hambalan, bisi manan oentoeng anggoer boentoeng.

Oca Nany.

## Boentoetna lamak beureum

Sadajana tangtos aroeninga kana kadjadian di Gemeente Tegal, waktos sekretarisna; toean Kapteijn, masang lamak beureum dina ping 1 Mei.

Koe bangsa kaoem boeroeh di sadoenja ieu ping 1 Mei teh dianggap hidji dinten anoe teu kenging dipopohokeun, margina dina ping 1 Mei dongkapna poetoesan, jen bangsa kaoem boeroeh didamelna teu kenging langkoeng ti 8 djam. Tah dina ping 1 Mei eta, toean Kapteijn, sekretaris gemeente Tegal, masang bandera (lamak) beureum.

Tah lamak beureum teh ngagoedjroedkeun, margi dina vergadering raad, eta perkawis teh ditjarioskeun. Seueur lid noe njoehoenkeun soepados toean Kapteijn dilirenkeun tina padamelanana, margi Gemeentena alit keneh, djadi teu perloe nganggo secretaris noe mahal, tjekap koe noe mirah bae, tjenah.

Tah eta noe dianggo alesanana teh. Tina margi anoe „tegeu" saeutik, mo eng bangsa oerang bae, nja eta secretaris teh, noemoetkeun poetoesan vergadering, dilepas.

Doepi leden Boemipoetra anoe ngartos jen noe djadi lantaran teh sanes „mahal teuing", namoeng lamak beureum tea, ngaraos teu adil; nja araudjeunna (Dr. M. Soemakno, M. Hardjosoetomo. Mr. R. Sastromoeljono sareng toean F. Witmer) rarekes ka kantor Adviseur der Decentralisatie, njoehoenkeun soepados lepasana secretaris tea, ditjaboet.

Teu lami antawisna dongkap bisloeit ngaboel maksoed araudjeunanana, nja eta ngabedokeun poetoesan raad tea.

Barang Voorzitter Gemeente Raad ngoeping poetoesan ti Batawi kitoe, ngagebeg sataker kebek, hookeun, bengong . . . . . . pauze heula, noen. Samboenganana: Galantang njarios, nganaha naha ka noe rarekes tea, make wawanianan rekes ngabedokeun poetoesan raad.

Anoe rarekes, sanes toekang soemoehoen dawoeh, sadaja-daja. ngiringan sakersa, tjindekna sanes boedak olol leho, namoeng bangsa pentol tjap '28 Komo eta mah Mr. na, soegan mah kepekna bae tina oewet oewet teh, da geuning djoegdjoeg boeroeloe bae artikel artikel djeung oewet oewet pameupeuh kasaoeran djr. Voorzitter tadi biridjil.

Tjontona: art. 15 tina oewet Decentralisatie Goepernoer Djendral boga kakawasaan pikeun ngabedokeun poetoesan poetoesan Locale Raden. Dina ieu artikel teu dipastikeun, saha anoe koedoe rekes. Da tjeuk art. 8 Grondwet djeung art. 166 Staatsregeling oge, sambarang djelema meunang boga panoehoen koe noe pangloehoerloehoerna di oerang.

Sareng deui noe rarekes teh ngalepatkeun ka Djr. Voorzitter, rehing teu nohonan kana ex art. 19 lid 2 en 3 L. R. O. Koe margi eta arandjeunnanana teu tiasa njebatkeun, jen voorzitter anoe ajeuna teh, henteu beurat sabeulah. Sareng kapaksa arandjeunnanana moal saroemping deui kana vergadering anoe dipoersiteran koe poersiter raad ajeuna. Samalah mah aja panaroehoenna ka noe ti loehoer, soepados enggal enggal ngagentos poersiter Gemeenteraad Tegal ajeuna.

Doblang.

## BOEDIHARDJA

Sawatara boelan ka toekang di Bogor geus ngadeg 1 pagoejoeban anoe make ngaran „Boedihardja".

Ieu pagoejoeban teh, katjida anjarna keneh. Sanadjan dina Statutenna henteu diseboetkeun titimangsana ngadegkeun ieu pagoejoeban, tapi oerang bisa njaho iraha mimitina ieu pagoejoeban teh, lamoen oerang ngilikan kana Huishoudelijk Reglement-na, anoe mimiti dipakena ti tanggal 1 April 1928. Tapi bisa djadi oge ari diadegkeunana mah samemeh tanggal 1 April tea.

Tangtoe sarerea hajang njaho, pagoejoeban naon tea ieu teh?

Ari anoe djadi dadasarna ieu pagoejoeban, kawas moal salah deui nja „kabangsaan" tea bae, sabab dina Statuten fasal 4 sub. aja basa kieu: Jang boleh diterima djadi anggaute jaini Boemipoetera Indonesia, pendoedoek dari residentie Buitezorg, jang sangoep membajar contributie paling sedikit f 0 25 (doea poeloeh lima sent) tiap-tap boelan dan wang entree sedikitnja f0,50 (lima poeloeh poeloeh cent) sekali goes.

Ieu pagoejoeban make dadasar „kabangsaan" tangtoe moal aja hidji bangsa priboemi anoe njeboet goreng, geus tangtoe pisan ari karereanana mah njeboet bade, memang oge geus djamanna koedoe lajeut djeung bangsa sorangan teh.

Koe anoe henteu asoep djadi lid kana ieu pagoejoeban, bese pisan nalingakeunana. Naha ieu pagoejoeban teh miloe tjampoer kana politiek atawa henteu? Sanadjan anoe djadi pamanggoelna ahli kapoelitikan oge, meureun moal aja anoe bireuk ka Djoeragan Dwidjosewojo.

Dina Statuten fasal doea, aja katjap kieu: Perhimpoenan terseboet memadjoekan karoekoenan dan tolong menolong di antara anggautaanggautanja dalam hal mengedjar keslamatan hidoep. baik bagi anggauta anggauta itoe sendiri, maoepoen bagi oemoem.

Lamoen oerang ngingetkeun kana maksoedna anoe kaseboet tjikeneh, ieu pagoejoeban teh rada baoe baoe politiek. Lain baoe baoe politiek deui, memang enja geus ngabangoen politieke partij, sabab rea masalah masalah anoe dibadamikeun di dinja perkara perkara anoe ngantet djeung kapoelitikan bae, kajaning bab Burgerlijke stand pikeun oerang Priboemi atawa bab oeroesan desa.

Perkara njabit njabitna kana kapoelitikan, geus tangtoe pisan moal aja anoe njeboetkeun goreng, memang geus kitoe hadena oenggal djalma ngingetkeun kana perdjalananana politiek. Tapi anoe dipake kahandjakalan koe koering teh, ieu pagoejoeban ngan keur diwewengkon Bogor bae.

Ari di Bogor henteu aja politieke Partijen?

Atoeh poegoeh bae ari ajana mah, aja Partij Sarekat Islam, aja Boedi Oetomo, aja Pagoejoeban Pasoendan, ngan doeka ari djaba ti eta mah.

Malah ari tjek bedja mah, anoe djaradi lid ti „Boedihardja" teh, aja P. S. I. aja noe ti B. O. malah rea oge anoe ti Pagoejoeban Pasoendan.

Barang di Bogor aja „Boedihardja" tjek bedja mah, politieke partij anoe sedjen nepi ka rada djempling. Ari koe kitoe tea mah, ma'loem ka barang anjar, sok rea noe mikasono.

Lamoen ditendjo salantjar, djiga pisan „Boedihardja" teh rek misahkeun maneh ti politieke party anoe ajeuna geus aja. Padahal anoe ajeuna didjalankeun koe „Boedihardja" teh geus njampak dina masoedna politieke partijen tea. Tjenah henteu dilakonan oepamana, henteu koedoe misahkeun maneh, atoeh matak naon lamoen digeuing bae. Asa pirakoe Djoeragan Dwidjosewojo djeung sakantjana henteu oeninga koedoe koemaha petana ngageuing?

Oepama maksoedna „Boedihardja" ngan keur ngabidjikeun bae sangkan lajeut, henteu koedoe matjakal sorangan (djiga rek njieun goendoekan anjar). Geuning Bandoeng oge atawa di tempat sedjen dina mangsana partijen teh digawe babarengan teu boeroeng bisa, teu boeroeng lajeut, komo ajeuna mah kapan geus aja P. P. P. K. I.

Sakieu bae heula.

Oud Bogoriaan.

## Tjotjog.

Kaloembrahanana oepami di hidji tempat atanapi karesidenan aja panjakit noe sok gampil tepana, kajaning: kolera, tjatjar, tipes, pes, dysenterie (tadjam). sareng djabi ti eta, pamarentah sok ngawawarkeun ka djalma rea, jen aja panjakit menoelar (noe sok gampil tepana) sareng noedoehkeun djalan-djalana soepados teu katerap eta panjakit. Djalanna ngembarkeun aja noe koe prohrama ditapel tapelkeun sapandjang djalan atanapi oenggal tempat noe rame; aja noe koe bioskop alit bae koe djoer. doktor dipoeter di oenggal desa bari diterangkeun.

Aja oge noe koe didongengkeun woengkoel sareng sadjabi ti eta.

Waktos ieu di bawahan Tasikmalaja seueur noe katerap dysenterie. Kaseuseueuranana djalmi noe katerap eta panjakit rasa mokaha bae, tara oendjoekan ka djr. doktor, soemawonten make daek di-ka-roemah-sakitkeun mah (anoe teu tjekap di roemah sakitna teu majar).

Atoeh nerekabna ka pada kaoela teh, nja rada mokaha bae. Tina margi eta ajeuna di sawewengkon Tasik di oenggal desa djr. doktor bade leseng perkawis dysenterie.

Kamanah koe djoer. dokter Tasik (djr. doktor Soekardjo) oepami di dongengkeun woengkoel mah moal sakoemaha hasilna. Nja koe andjeunna sakoer noe bade dilesengkeun teh, ditjitak, sarta bade disalabarkeun ka oenggal sakola, didamel handleiding (toedoeh djalan) pikeun goeroena. Samalah mah wartosna parantos badanten sareng djr. Schoolopziener, soepados kersa marios ka baroedak sakola, naha eta sebaran teh parantos dietjeskeun ka moerid moerid atanapi teu atjan, Tah djalan ieu anoe tjotjog teh. Margina:

a, Kabiasaanana piwoeroek goeroe leuwih diestokeunana koe baroedak batan noe sanes.

b. Tangtos pisan koe baroedak teh di saroronpok saroronpokna ditjarioskeun deui ka doeloer doeloerna atanapi sepoehna.

c. Artos noe dikaloearkeun koe nagara teh, henteu moebadir s. s. dj. t.

Moega moega maksad djr. doktor Soekardjo kitoe teh kalaksanakeun, soepados Tasik woewoeh rahardjana.

Kalawan ageung pangharepan, moega moega tali kandjoet artos pamarentah rada dikendoran, soepados langkoeng seueur artos noe dianggo ngoeroes kasehatanana djelema djelema alit,

Doblang.

## „Matak soëh pesak"

Dina Sipatahoenan No. 7 tt. 14 Augustus 1928, Eg. geus njaritakeun hal di Bandjar oesoem hoedjan Lijs. matak soëh pesak, tah ketjap ieu katjida koering teu panoedjeena, sabab eta circulair teh sasoekana, lain paksa lamoen soeka mere teu soeka oelah, naha matak soëh pesak, atoeh ari soëh pesak mah saroea djeung direboet atawa dipenta paksa „ih koerang

pantes njarita teh" lamoen koering pitjaritaeun andjeun teh koedoe kieu, meureun resep.

Katjida koering tjotjogna di kota Bandjar, di kaom menak B.B. dimana ngalih make dipestakeun rioengan toeang njalametkeun ka noe rek ngalih, ari ongkosna tina circulair sakoer anoe kami soeka koering katjida moedjina kana lakoe saroepi kitoe, sareng moegi-moegi kieu teh oelah ngan di kaom B. B. bae, ari kahojong teh dimana panggawe S S. atawa ponggawa pandhuis ngalih hojong di damel saroepi kitoe, adoeh katjida atohna teh geus taja babandinganana, djadi teu beurat sabeulah resep ningalna, tah kahajang teh kitoe basa andjeun teh?

Tapi djeun ari tjara koering mah da sakabeh djalma tara sepi ti kaloepoetan, toeroeg-toeroeg nja eta deuih koering roemasa tas ngiderkeun sirkoelir sakola Agama keur di Bandjar, ti padamel S.S. kenging f 23,70. Katjida atohna teh pikeun koering mah. Kari-kari aja Crituk kitoe atoeh nja rada tampi raos da aja basa hoedjan lijst.

Toeroeg toeroeg boga dosa njaritaän ka anak mantoe djadi masmis ari pangasilan aja ratoesna tjeuk koering.

Oedjang bapa njarita tapi maap njal ari derma mah saketip doea ketip oge sae, ngan koedoe tjiak poetih tjiak herang, tapi sanadjan kitoe koedoe nilik diri kana pangadeg oerang. Kana pangasilan hiroep oerang, geuning oerang ari laladjo bioskop oepama ka tembong sahaudapeun oerang tjitjing dina klas 3 oerang teh sok hajang tjitjing dina klas II noe bajaranana f 0,50 saanak rabi teh make aja f 2,— na sakali laladjo, tah dina derma oge koedoe bisa kitoe, djeung koe oedjang koedoe pikir, pangasilan oedjang aja ratoesna ari derma ngan f 0,40 atoeh toekang sate atawa koeli mah teu koedoe derma oepama f 100 = f 0,40 noe f 50 = f 0.20 noe f 25 = f 0,10 toeh ninggang di koeli taja tempatna amceu ngoeskoer tidinja. Geura manah koe oedjang djeung meureun tjeuk anoe achli pikiran djeung tembongeun mah, oedjang teh resep ningali bioskop tinimbang ningali sakola agama, da boektina kitoe! tah kitoe.

Koering ngagelendeng ka anak mantoe koering, kari-kari aja toelisan ti Eg. kitoe, terang asa kaisinan koering teh sabab aja S.S.[1] kitoe.

Toeroeg toeroeg aja noe njangka tjenah eta Eg. teh moal saha deui meureun noe langganan Sip. hib teu h-unang njeboet kitoe, nadjan teu langganan oge noelis di Sip. taja halangan asal noe pantes djeung saterna.

Tjing saha noe ngomong kitoe teh? didjawab koe koering keneh, toekang mariksa moending peuntjiteun djeung toekang mariksa dagang embe di Bandjar, ari basa Walandana mah make kir kir kitoe, aeh soedah lah segin adje.

**H. Proewito.**

N. B.

Lah Eg. koe adil koe bela koe tjinta, ngan handjakal bela teh Eg. mah ngan ka Ponggawa S.S. sareng ka Pandhuis bae, ari ka kaom Goeroe teu diseboet-seboet angot ka bangsa oeing mah tjatjah bangsa haen teu njabit-njabit taksiran aja sabab, sabab naon? doeka atoeh da boektina kitoe moal djaoeh ti eta.

---

## Djangdji - perdjangdjian ka Kdj. Garoet.

Officeel henteuna, doeka teuing, ngan noeroetkeun roepa roepa kabar bae, tapi ari kabar angin mah lain, tjenah Kdj. Dalem Garoet anoe ajeuna keur verlof di Bandoeng, geus didjangdjian koe noe agoeng, jen andjeunna meunang didamel teroes 2 taoen deui, sarta sabadana tangtoe diganti koe poetra anoe pangbarepna, djrg. Oetja anoe masih pandjang keneh lalakonna tea.

Model perdjangdjian anoe pantar kieu, nepi ka dioepenbaarkeunana, estoe tjarang kadjadianana, malah asana bae ti saoemoer koering hideng nepi ka ajeuna, kakara pisan aja kieu. Bisa djadi meureun pang nepi ka sakitoe teh, bawaning koe model aheng

Ka noe keuging milik leuwih ti hatoer pantar kitoe, koering ngahatoerkeun „Salamet" sarta moega moega sing kadjadian, oelah ngan tinggal dina djangdji noe sasari. Deui ka noe bakal meunang noegraha koe eta djangdji tea koering njakitoe keneh hatoer wiloedjeng, moedah moedahan sing tinekanan sakoemaha noe dilamoenkeunana.

Pangna Kdj Garoet meunang noegraha noe pantar kitoe mintjoelakna, meureun bakating koe koemawoelana ka pamarentah MINTJOELAK. Tjeuk ITOE tangtoe bener koedoe dikitoe. Ari tjeuk oerang G a r o e t, koemaha?

Eta mah koedoe dipoetoes koe oerang Garoetna pribadi, naha ngarempoegan atawa henteu kana gandjaran pantar kitoe.

Pidjawabeun T. B. T. O. tangtoe moal salah deui „wadjib koedoe dikitoekeunana", sabab eta mah tebeteo, pakoempoelan tebeteo anoe keur loba lalakonna tea.

Djadi oelah didjoegdjoegan dina sakaom, koedoe roepa roepa kaom. Entong waka ngodok kaom noe djero lanan, eta bae kaom koelawedetna lan-n, geuning dina meeting T. B. T. O. tea oge basa milih pidalemeun aja babadna, aja atoeran patelak actie djeung saderek piderekan. Tjing koemaha ari parte ieu, piwaloeunana?

Ajeuna koedoe gilirkeun mariksa ka kaom S. I., taroskeun lanan, naon sababna noe matak reactiena sakitoe hebatna, tjeuk bedja mah leuwih ti di noe sedjen—doeka bener henteuna mah—. Ari loeang sasari, tjeuk tiori kitoe soteh, dimana mana sterk actiena tangtoe sterk deui reactiena. Koedoe dipapaj sarta ditjoektjroek kadjadian anoe anjar anjar, nepi ka aja noe tjarat tjaret di djalan djeung dina tembok tea (noeroetkeun roepa roepa bedja kabar) sarta persoonlijk, naon alatanana pang aja abeng kitoe, da di nagara noe sedjen mah di mana teuing, aja noe nepi ka kitoe.

Kadjaba ti kitoe, sarat oelah poho tina oeroes oeroesan noe sakitoe geundjleungna, hal Tjimareme tea, koemaha indrukna tina bab ieu; oge oelah diloeli loeli bisi aja keneh toenggoel mangroepa roepa toenggoel. Da ieu mah sedjen model ti lalakon Kdj. Pandeglang noe nepi ka dipetjatna lantaran katolobehan, bangsa beureum mandi getih.

Deui, saroepa deui timbangan koering noe oelah kalaroeng, mapaj mapaj kaajaan pagawena, tina pagawe dessa nepi ka poetjoekna, koemaha gelendengna di toekang, djeung djeroanana, sina balaka oelah aja noe dikemoe.

Lamoen beubeunangan mariksa, tapi anoe sehat, anoe neutraal, hade sarta sabade hadena, memang bener pisan pamarentah ngagandjar hidji ponggawana, anoe djasana gede boh ka somah boh ka doenoenganana, moepakaat!

Tapi di mana pakia kia kaajaan eta golongan golongan djeung pamanggih pamarentah, lamoen kongang mah koering megatan kana eta gandjaran, bisi di ahir matak ngadjadikeun harengheng di wewengkonna, nepi ka njoko djadi kasoesahan pamarentah.

Sakitoe tjindekna noe koedoe dititenan djeung didjaga pibalakangkaliheunana.

Ajeuna oerang tilik noe ditjalonkeunana. Nilik opleidingna djeung pangartina, tjapetang baleg beledjagna memang saha noe rek teu ngarempoegan kana djadi dalemna.

Adeg pangadegna, atoeh komo soeroep kana pidalemeunana, malah ajeuna oge dina tandang djeung haleuangna geus dalem—tjeuk anoe oeninga mah—, djigana, dina gekgekan djeung pok-pokan moal koengsi diadjar, djol djol torolong djeung adean bae, malah tegar . . . . meureun.

Sakitoe sipat sipat anoe pajoes kana pidalemeunana.

Koe lantaran oerang keur nilik nilik tea, meureun koedoe sampoerna naloengtikna oelah aja noe kaliwat sabisa bisa mah.

Ajeuna praktek damelna, koemaha? Naha sampe tjoekoep katjakepanana pikeun djadi dalem teh, teu boga lalakon kitoe djeung kieu, anoe matak oeroe ara sadjadjagat?

Anoe pibisaeun ngadjawab tina hal ieu taja lian kadjaba ti directe chefna anoe teu beurat sabeulah, anoe teu nginget nginget I t o e djeung I e u, tapi djoenoen dina ngadek satjekna nilas saplasna. Di mana noe nimbangna tea dengdek ngoelon atawa n g e t a n, balai deui bae algemeen belang wordt geschaad.

Satoetasna ngilik-ngilik geschiktna djalan damel, kantoen adat istiadatna karakter eigenschapna anoe koedoe dititenan, bisi henteu ninggang kana ilat ilat, baloekarna ngoesoetkeun ka bawahanana.

Lamoen hal ieu geus rengse, kakara dipetakeun koe pamarentah „begi mana misti, kalawan menginget soempah" tjek proses-perbal mah.

**Oe. N.**

---

## Ti Raad Kaboepaten.

Dina tanggal 20 boelan ieu, Raad Kaboepaten Tasikmalaja geus masamoan sarta pirang pirang roepa noe ditjaritakeunana. Oepama nendjo lobana agenda, nepi ka meh opat poeloeh nomer, keur oerang loear meureun seunggah njanghareupananana. Tapi boektina mah enteng da kalolobaanana hamerpunten. Sakoer noe sakira perloe didadarkeun, ieu di handap kasanggakeun.

Noe mimiti matak tjoeringhak si Leutik barang perkara *erpah, eigendom* djeung *recht van opstal* dibadamikeun. Dipoerstel soepaja Rengrengan Koemetir njanggakeun adpis ka noe ti pajoen atas nama Raad Kaboepaten, dimana aja perkara erpah, eigendom atawa recht van opstal *Djrg. H. Oeli* teu tjotjog kana proestel eta. Njoehoenkeun perkara erpah dipoendoet adpisna Raad. Kitoe deui djrg. *Hardjoproewito* teu bisa ngarempoegan kana sakoemna poerstel. Kahajang andjeunna soepaja lain bae tina hal erpah tapi oge tina hal recht van opstal diadpisna koe raad. Koering sorangan noe geus aja doea tiloe kalina noelis hal ieu dina *Sip* tjotjog perkara erpah koedoe ditimbang koe Raad, lantaran sakoemaha kasaoeranana djrg. Hardjo djeung sakoemaha noe geus aja dina Sip. katoekang toekang noe pibisaeun meunang katerangan noe sabener benerna, enja henteuna rahajat perloe make tanah, ngan lid Raad *noe lain golongan menak*. Toeroeg toeroeg, saoer djrg. Hardjo, kapan saha ti djrg. djrg rengrengan koemetir, noe sok oesrak asroek ka kampoeng kampoeng, lian ti Kdj. Dalem mah.

Ari ka Kangdjeng Dalem tea kapan rahajat moal daek oendjoekan satarabasna. (Tjotjog, enja kitoe! Komo moen aja suggestie mah. Zett.).

*Regl. van orde pikeun Rengrengan Koemeitr.* Ditetepkeun koe pasamoan Raad Kaboepaten noe ti heula, soepaia dimana Voorzitter atawa wakilna (Patih) teu aja, noe noengtoen pasamoan Koemetir, salah sahidji koemetir noe aja dina pasamoan. Angger anggeran ieu koe Rengrengan Gedeputeerden ditjempad. sabab noeroetkeun art. 42 R. O, pokna dimana Dalem euweuh, noe noengtoen pasamoan koedoe wakilna. Patih teu aja . . . . nja Wadana kota. Kitoe bae sateroesna.

Koe djrg. *Moh. Enoch*, sanadjan andjeunna tjotjog pikeun noeroet kana toenkna Rengrengan Gedeputeerden, ieu opmerking ditjawad, sabab dina prakna tangtoe moal loepoet tina kasoesahan.

Tjontona: Rengrengan koemetir keur masamoan, Voorzitter meunang parentah koedoe ninggalkeun vergadering lantaran aja hoeroe-hara. Wakil Voorzitter-Patih-teu aja, Naha vergadering teh koedoe diboebarkeun bae? Bisa djadi oge Wadana kota atawa wakil bisa ngawakilan. Tapi koemaha pibisaeun noengtoen pasamoan? Kapan meureun teu matjamatja atjan naon noe rek dibarempoegkeun! Toeroeg toeroeg kapan teu kabeh Wadana kota *moendel*. Koemaha moen dina lebah noe teu ngartingarti atjan kana basa Walanda?

Djrg. *Hardjo:* Keun bae sina *tahtahan!*

Noeroetkeun timbanganana djrg. *Moh Enoch* art. 42 memang pabentar djeung art. 49. Djadi salah sahidji koedoe dirobah.

Djrg. *Enoch* njotjogan kana bebeneranana op merking ti Gedeputeerden, oge teu bisa njalahkeun kana kabeuratanana djrg. *Moh Enoch*. Tapi saoer djrg. *Enoch* kapan aja basa *soepele toepassing* van de wetten. Atoeh sili eledan bae.

Djrg. *SoetSen* njotjogan djrg. *Moh Enoch*. Memang enja asa pakia-kia. Kapan tjeuk art. 49. Dina uitgestelde vergadering (pasamoan noe dipoendoerkeun), nadjan ngan aja hidji lid oge, manehna, lid tea djeung teu ditoedoeh Voorzitter bisa moetoes roepa-roepa perkara. Ahir-ahir ajeuna bet koedoe ngoekoehan art. 42, nja eta toeroen toemoeroen wakil. dihenteu henteu oge, saoerna, bet koering mah boga rasa . . . *teu pertjaja*. (Ahal Top hoeloena . . . soekoena koe aing di pageuhan. Zett).

*Zittinggeld (oeang doedoek).* Tina hal ieu noe njarios djrg.-djrg. *H. Oedjoe* djeung *Hardjo*. Doeanana pada teu moepakat kana *panawarna* Gedeputeerden nja eta f 5. Keukeuh mageuhan f 10. Hajang dihargaan djrg. *H Oedjoe* ngabanding banding djeung pagawean noe sabangsa, tjara sakoemaha noe geus aja dina *Sip* Djrg *Hardjo* nambahan koe tjonto tjonto noe sedjen. Tjiamis noe begrootingna ngan f 80,000. Koemetirna meunang f 5.— Ieu, noe begrootingna tiloe kalieun Tjiamis rek disaroeakeun bae. Kapan Wethouder Bandoeng djeung Soerabaja oge geus beda. Tjing atoeh, saoer djrg. Hardjo, hargaan pagawean koemetir teh. Poetoesanana: rek neda poetoesan Pamarentah.

*Mantjing.* Mantjing soteh tjeuk Djrg. H. O e l i, da ari dina agendana mah diseboetna: Rekesan administratir kontrakan Sambawa. Aneh oge.

Maksoed kontrakan Sembawa saenjana ngan sahidji hidjina nja eta rek njieun pabrik teh noe modalna koerang leuwih opat ratoes reboe roepia. Eta kontrakan koedoe ngoendjalan bahan bahan beusi, noe beuratna kira kira genep reboe kilogram. Djadi perloe make auto—vrachtauto djeung perloe aja djalan noe tohaga. Si maksoed hidji teh ajeuna dibagi djadi tiloe bagian:

a. Sedja noeloeng koe roepa arta sareboe roepia pikeun ngomean djalan ka Taradjoe ngomean doea pengkolan djeung tandjakan soepaja djadi majat. Kitoe deui kontrakan sanggoep ngadangdanan djambatan tjambatan soepaja saheulaanan djadi koeat.

b. Njoehoenkeun widi ka Raad kaboepaten pikeun ngoendjalan bahan keur pabrik (beusi noe 600000 K. G. tea) koe . . . . vrachtauto.

c. Njoehoenkeun widi . . . . ngadegkeun fabrik.

Kitoe sihoreng noe galede modal mah teu inggis make eupan sareboe roepia.

Lantaran ngomean djalan saberes beresna sing nepi ka beunang diliwatan koe mobil gorobag tjan poegoeh mahi f 10.000, koe pirempoegna pasamoan taja petana rek njanggoet kana noe sareboe. Er zit alleen ondernemingsbelang achter—geen algemeen belang.

Aja poerstel eta pangdeudeul noe sareboe roepia teh rek kitampa bae, tapi zonder nadere verplichtingen. Rengrengan Koemetir dikawasakeun pikeun pikeun babadamian hal ieu djeung Sembawa.

(Singhoreng ari noe geus beunta hese dioeseupanana! Corr.)

*Motie vergadering autoverkeer.* Dina rondvraag djrg. djrg. *Syrier* djeung Jansen njanggakeun motie maksoedna soepaja Provinciale Raad geuwat geuwat ngajakeun autoverkeersregeling, lantaran saksi dina waktoe waktoe ieu, loba matak tjilakana. Mobil noe mistina ngan moeat *lima* djelema, tempo tempo ditoempakan koe aja poeloehna djelema.

Ieu motie teu kalawan dibadamikeun deui, koe pasamoan Raad ditampa.

. . . . . .

Tah sakitae noe koe koering perloe dibeberkeun.

Djaba ti ieu aja deui noe wadjib dikanjahokeun, tapi lain agenda nomer. Ieu mah opmerking koering bae, verslaggever engke minggoe pajoen bade disoehoenkeun timbanganana **Gedeputeerden.**

**Verslagg.**

---

## Boentoet.

Samboengan

Nadjan teu njaho oge, koemaha kamdaat regen noe ajeuna ngabogaan henteuna eta adat djeung tabeat noe kaseboet di loehoer, tapi bisa njeboetkeun, djaoeh tina pigorengeun, oepamana Garoet teh didaieman koe noe samasakali teu patjantel kabarajaan djeung Dalem Garoet, boga kapertjaan, jen di golongan Pamarentah oge, nja kieu pisan tinangan teh. Djeung deui pikeun poetra Dalem Garoet teh, oepama geus bisa nembongkeun katjakepanana moal teu euweuh kaboepaten anoe kosong, samemeh andjeunna sepoeh.

Bet geuning kitoe. Beuki tetela bae pagirang-giraugna teh. Ari koe k a h a j a n g, kahajang noe teu mihak ka ditoe ka dieu, tjik atoeh noe di heulakeun teh kaperloeanana somah anoe sakitoe lobana, pangeusi kaboepaten, koemaha moen meunang pangagoengna koerang hade. Ari ieu apan tetela kateu-tjakepanaha tapi hajoh bae diasorkeun. Tjeuk B. T.

Oepama keukeuh keukeuh. tening koedoe poetra Dalem noe djadi bopati teh nadjan koering sorangan teu panoedjoe oge kana ieu atoeran. apan teu koerang poetra bopati noe harade noe pantes didjadikeun bopati.

Teu ngalalarti, tah koering mah.

**Kr.**

---

## Lezingna D. K. Ardiwinata 22 Juli 1928.

**Bab paedahna poeasa.**

(Samboengan).

Sabalikna ari pikiran njandoeng: kapikirna koe maranehanana mah teu aja pisan hadena: matak gede bohong, soesah koe kahiroepan, ngaladjoer napsoe, nganjeujeri djelema djeung salian ti eta, nepi ka hajang ngaharamkeun. Sawareh nonoman njaahkeun kana koer'an. Pribados kapoengkoer parantos maos dina hidji soerat kabar anoe maksoedna kieu:

„Koer'an koedoe dirobah, sabab geus kolot teuing, babakoena perkara njandoeng koedoe dileungitkeun tina koer'an, sabab satoengtoeng koer'an ngidinan kana njandoeng, tangtoe moal aja pegatna djelema anoe njandoeng."

Pikeun oerang mah bangsa kaoem koena nja rada hajang seuri, aja angkoh rek ngarobah koer'an, maroekan koer'an teh beunang djelema, meunang dirobah deui koe djelema.

Ari nonoman noe sawareh deui lain rek ngarobah koer'an, tapi rek mere harti sedjen kana ajat koer'an.

„Wa in chiftoem alla toeksitoe fil jatama" (dina soerat Nisa) beda djeung papahaman kaom koena, nepi ka teu aja hidji djelema anoe sah njandoengna.

Atoeh eta mah saroea bae djeung ngaharamkeun tea.

Lah, nja eta atoeh, rame alam doenja teh, lain bae koe perkaraperkara noe bersangkoetan djeung doenja, agama oge miloe ngaramekeun.

Aja deui anoe ngemboh-ngemboh kana pananjaan ti para nonoman anoe palalinter teh.

Alam ajeuna geus loba pisan boekoeboekoe basa Walanda, anoe njaritakeun roepa-roepa agama djeung roepa roepa patekadan, saperti agama Christen, agama Boedha, Theosofie, Vrijmetselaar djeung salianna. Eta boekoeboekoe koe para nonoman diaratja sarta dihartikeun. Malah loba pakoempoelan - pakoempoelan agama atawa patekadan anoe bieu. diarasoepan koe sawareh para nonoman. Beubeunangan ngoelik tina elmoe-elmoe noe bieu tea, nja sok ditanjakeun ka oerang, pikeun ngabanding - banding djeung agama Islam. Pananjaan - pananjaan anoe kitoe oge henteu gampang-gampang pikeun didjawabna koe bangsa oerang saperti:

Naon sababna anoe matak sok aja djelema paeh boedak?

Naon sababna djelema ajeuna leuwih babari dialadjarna manan djelema baheula?

Naon sababna loba djelema noe goreng kalakoeanana bet moedjoer kahiroepanana, ari noe balageur loba noe tjilaka kapan ari Allah mah adil? Djeung salian ti eta.

Djaba ti eta djol deui dina kalangan Islam pada Islam loba noe soelaja patekadan, tjek ieu kieu, tjek ieu kieu. Eta oge moenggoeh ka baroedak noe ahli mikir mah, matak nambahan kana hajangeun nanjakeun sabab anoe leuwih djero, kapan ari Islam ngan hidji, tapi pahaman djelema beda beda, naon sababna. Tjek sawareh nonoman:

Bener anoe njekel kana Koer'an djeung hadis woengkoel, oelah katjangtjang koe idjma oelama, ambeh bisa njieun hoekoem anoe tjotjog djeung kaajaan doenja alam ajeuna,

Tjindekna mah dina djaman ajeuna, djaman rame—pikeun goeroe goeroe agama anoe toehoe kana agamana, eling kana kawadjiban amar bilmar oef wannahi anil moengkar, mendak manahaneun anoe beurat oge, tapi oepama dilenjepan koe oerang, estoe djadi hikmat ageng, margi tangtos goeroe goeroe teh kapaksa koedoe ngoelik agama anoe langkoeng djero.

nalek kitab kitab noe laloehoer. Oepama aja masālah noe tatjan aja dina kitab, meureun kapaksa ngadaramel idjma anjar.

Pribados ,parantos mendak hidji doea anoe palinter, boh bangsa doktor, boh goeroe sakola atawa ambtenaar, anoe sok ;naros perkawis agama ka kiai, tapi narosna teh make atoeran sakola, nja eta tea nanja hajang ngarti sarta nanjana teh estoe ichlas, hajang ngarti agama. Tapi handjakal katjida, noe kitoe teh tara dilawanan enja-enja koe kiai, anggoer dibalieurkeun, sabab disangka rek madoean, padahal ari pananjaan teh matak ngadatangkeun pikiran, pikiran matak ngadatangkeun elmoe. Lamoen kiai kiai kersa ngaladenan pananjaan para nonoman noe palinter, ,soegan bae engke di oerang di tanah Soenda ngadeg moedjtahidin, ngadeg ahloelfalak anoe maher, anoe woengkoel pikeun ngoeroeskeun hoekoem hoekoem agama anoe kadjadian di poelo Djawa bae. Di oerang teh koedoe aja ahloelfalak anoe bisa nangtoekeun ajana hidji hidji tempat anoe galede di Pasoendan, saperti Bandoeng sabaraha graad Oosterlengte sabaraha graad Zuiderbreedte djeung salian ti eta, nja eta pikeun netepkeun kiblat. Nja kitoe deui pikeun netepkeun waktoe salat oelah pasalingsingan, koedoe tjotjog noeroetkeun djam kareta api. Kilangbara ari nepi ka bisa njieun sterrenwacht tjara di Lembang ajeuna.

Eta oge tjai doea koelah koedoe poegoeh oekoeranana make oekoeran di oerang oelah make oekoeran Bagdad, saperti oepama ditaker koedoe sabaraha leter, oepama diwadahan dina wadah noe pasagi koedoe sabaraha meter pandjangna, roebakna djerona. Ari timbanganana mah teu koedoe dikanjahokeun," da moal aja noe daekeun nimbang tjai di oerang mah. Nja kitoe deui beas 1 so, emas hidji miskol koedoe kanjahoan timbanganana di oerang koe kati atawa gram, soepaja kaharti koe sarerea. Eta oge lalakon marhalah teh sabaraha K. M. atawa sabaraha paal djaoehna, ;djeung naon sababna noe matak sakitoe?

Pangbadena mah di oerang koedoe geura diajakeun Raad agama Oelama. anoe baris mariksa djeung netepkeun hoekoem-hoekoem agama di oerang anoe tjotjog djeung kaajaan di Poelo Djawa atawa di Pasoendan.

Tjariosanana Kangdjeng Gouvernement ajeuna bade ngarobah atoeran kaoem. Dimana eta robahan bade di ajakeun „Mahkamah" atawa Hof van Mohamedaansche Godsdienst. Ngan handjakal da Hof teh tjariosanana ;bade dihidjikeun djeung Adviseur Inlandsche Zaken. Ari kahajang oerang mah koedoe djadi hidji badan anoe misah bae, sarta anoe beunang d anggap koe oerang saperti hidji Moefti atawa sjaichoel Islam.

Djaba ti eta oerang koedoe soekoer ka Alloh taala, doemeh koempoelan kiai-kiai di Tasikmalaja parantos ngaloearkeun madjallah Al-imtisal. anoe dieusian oge soeal djawab sareng ditangtajoengan koe Kangdjeng Dalem Tasikmalaja. Djaba ti soekoer ka Alloh, tangtoe oerang koedoe ngahoebeukeun kanoe karagoengan djasa.

Koe lantaran eta madjallah nampa pananjaan-pananjaan ti mana-mana, boekti sakitoe madjoena djeung sakitoe mangpaatna. Ngan handjal masalah masalah anoe dilebetkeun teh ngan anoe fardoe aen bae. Ari koe kahajang mah, sakoer masalah agama Islam bae asoepkeun, (kadjabi anoe sedjen madhab, eta mah montong, sabab moal lajeut djeung pikiran ahloessoennah wal djamaäh). Oepami bae aja masalah anoe teu katimoe koe redacteurna, atoeh moefakatkeun bae sareng sadaja oelama di Pasoendan atawa ditaroskeun ka Moefti di Mekah atawa di Mesir. Pang aloesna pisan oepama perkawis toekeur pikiran (debat) oge dimoeatkeun kana Al-imtisal, soepaja noe maraos tambah loear pamandanganana sareng oelah kadjadian tjara ajeuna sok aja noe koekoeloetoes di loear, lantaran teu pati narima kana perdjawabanana, tapi teu ditembongkeun kana Imtisalana.

Moedjadallah kantena awon, nanging ari toeker pikiran, tegesna pada nembongkeun perasaan sareng pamendak, dapon ngatoer tjariosanana tae sing aloes, kantenan djadi saena bae, matak nambahan heang ka ditoe ka dieu. Ma'loem kapan ari manoesa teh tempat kaloeloepoetan.

Noemoetkeun tjariosan noe parantos mashoer, agama Islam teh dina waktoe ieu benki madjoe bae. Di Duitschland sareng di Frankrijk parantos reboe-reboe anoe asoep Islam. nja eta ti samentas aja perang gede di Europa tea. Malah di Frankrijk mah geus ngadegkeun masdjid anoe ongkosna malioenan roepia, Di Duitschland oge njariosna parantos aja masdjid, rame noe saralat saban waktoe, soemawonna djamaah.

Ari agama Islam di Ingris onaman parantos ti baheula masdjid Londen mashoer ka mana mana, Koemargi sakitoe parantos katjida di Pasoendan agama Islam tambah madjoe, da oerang mah Islam asli.

Seueur keneh pisan ari pitjarioseun mah, tapi soepaja oelah paos teuing, sae ditoetoep bae heula, oerang ngaboedjeng noe disebat dina programma, nja eta bade lezing bab paedahna poeasa tea.

Njamboeng kana tjariosan anoe kasebat di luehoer, pribados parantos nampi pananjaan sakoemaha anoe kasebat di handap ieu:

1. Naon sababna noematak koedoe poeasa?

2. Naon sababna noematak poeasa teh koedoe boelan Ramdan, henteu dina boelan sedjen?

3. Koemaha waktoena poeasa dina tempat anoe beurangna ngan 3 djam, ari peutingna 21 djam, atawa sabalikna?

4. Djeung koemaha waktoena poeasa di Noordpool, anoe sok aja beurang 3 boelan, atawa peuting 3 boelan sarta boelah Ramdan meneran keur peuting woengkoel atawa beurang woengkoel.

*Samboengeun.*

## Wartos ti Administratie.

Lg. No. 105 f 5,—. Lg. No. 283 f 1,50, Lg. No. 545 f 1 50 Lg. No. 719 f 3.—. Lg. No. 954 f 1,50. Lg. No. 65 f 1,50. Lg. No. 311 f 1,50. Lg. No. 331 f 1,50. Lg. No. 739 f 1.50. Lg' No. 880 f 3.—. Lg. No. 639 f 3 — Lg. No. 263 f 3,—. Lg. No. 587 Djamsan f 1,50 Noehoen sadajana katatampi. Lg. No. 782 f 1,50 Lg. No. 26 f 3,—. Lg. No. A 254 (1094) f 3,—. Lg. No. A 546 Djrg. E. Ml. Tojib L. L. Domas teu atjan kaloear deui.

## Doea kali saminggoe.

„Bestuur „Pasoendan" Tjabang Tasikmalaja gadoeh maksad dina taoen 1929 Sipatahoenan dikaloearkeun saminggoe doea kali. Nanging samemehna prak, sawadina hojong terang heulang heula koemaha timbanganana para Djoeragan langganan sadaja.

Doepi artos langganan dina sakwartaal djadi f 2,50. Tah ieu noe matak mangrisikeun ka noe ngaloearkeun Sipatahoenan teh.

Bok bilih seueur langganan noe liren koe lantaran naek djadi f 2.50. Ari sajaktosna mah djadi woewoeh moerah, margi sanes f 3,— nanging moeng f 2,50. Nanging nja eta atoeh djelema teh teu sami kaajaanana.


**Djoeragan! Djoeragan! ISTRI**

Ngawitan ti sasih ieu pribados, parantos njajagikeun roepi-roepi entjit, anoe roepi-roepi kembang. Sareng marodei pisau, dina pangaos nanggel tiasa langkoeng mirah ti toko noe sanes, bilih kirang pertjanten enggal ajeuna njeratan njoehoenkeun roepi-roepi tjontona, koe pribados dikintoen Gratis ka adres.

HALIM
West passar Straat 16
BANDOENG.

**Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).**
Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Kareta Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin. Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parabot pikeun Auto (Onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beureun, hedjo, blao, koneng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepenier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoewatanana, dina waktoe ajeuna keur rame pisan anoe ngarangge bedil angin (windbuks) pikeun plesiran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoek, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipiaraan, heulang. kalong, sareng sadjabi ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong roepi² anoe kaliber $5^1/_2$ sareng $4^1/_2$, nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekoep, sadjabi ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Wesminster, erlodji anoe sarae, peso silet peso tjoekoer goenting mesin anoe parantes mashoer kasaeanana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tjai) pikeun ngadjagi kawarasan, atawa kasehatan.

**TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG)**
Tasikmalaja

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngentengkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat ti
Tasikmalaja djam 1/2 5 Bandoeng, djam 12
(via Limbangan—Malangbong)
Tasikmalaja ± djam 3 endjing noe mios ka Cheribon.
„ „ „ 8 siang noe mios ka Cheribon
ti Cheribon ka Tasikmalaja
± djam 4 endjing mios ka Tasikmalaja
± „ 8 siang „ „ „
ti Tasikmalaja ka Garoet
Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10
Garoet ± djam 1 siang dongkap ka Tasikmalaja djam 4
ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal
± djam 6 mios ka Karangnoenggal
± „ 9 „ „ „
± „ 1 „ „ „
ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja
± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja
± „ 9 „ „ „ „
± „ 1 siang „ „ „
Sadaja autobus brangkatna ti paloeneun toko BENG.

**ENGGAL! ENGGAL!**

**Oelah kawaranan!**

Boekoe „DJODO NOE DIDAGO-DAGO" karangan Djrg. Bakrie Soeraatmadja tea, sanadjan njitakna seueur, ajeuna meh seëp pisan, kantoen saeutik deui.

Mangga enggal ngagaraleuh.

Oepami elat, henteu nanggel baris kenging.

Handjakal temen, oepami doegi kaseëpeun.

Ngantosan 2e. druk, kantenan lami keneh.

Ngintoen artos f 0,55 atanapi koe postzegels pangaos sakitoe, Djoeragan nampi eta boekoe di boemi, henteu kedah majar deui.

Anoe ngadjeng-ngadjeng
Boekhandel & Drukkerij „Economij"
Kaoem 34, BANDOENG
Telefoon No. 1390.

Salamina sajagi sindjang Poekenggeran Tjiandjoer No. I sareng II pangaos f 2,60 f 2,75 f 3.— Sareng taroempah damelan Tjiandjoer djait nganggo lapis karet f 2,25, taroempah koelit sadajana f 2,— f 2,25 f 2,50 f 3,— sareng nembe nampi pesenan ti Nageri Orlodji merk Sima tempatna nekel djalana ditanggel sae Pangaos f 9,— Sinareng doepi ieu pesenan barang barang oepami henteu pandoek kenging dilisonkeun deui dina sanes model barang, mangga sadaja djoeragan-djoeragan enggal njobian pesen ditanggel sadaja barang-barang sae.

Hormat
**Mohamad Koerdi**
Kebonkembang Tjiandjoer.

Hatoer noehoen ka anoe parantos timpah ngagaraleuh Zakalmenak 1929.

Ajeuna bade diseueuran deui ngadamelna, tjawisan noe tarebih.

Pangaosna? Ah, teu kedah ditaroskeun deui, mirah bae! Sanes f 1,— sanes f 0,50, teu satalen talen atjan moeng . . . . f 0, 10

Eusina pepek sasih Walanda sasih oerang, mangsa pahingna, hari besarna, oekoeran-oekoeran sareng roepi-roepi timbangan, raraban oge pepek, ngagoembirakeun moerangkalih sareng samboeng lajang. Enggal pesen, seëpeun 31 Augustus parantosna.

Noe ngaloearkeun
**Toko Boekoe en Drukkerij**
Tjitandoej v. h. Pasoendan
Tasikmalaja.

N. B, Noe ngagaraleuh² ka Agent Agent teu kirang ti 5 bengkol 10 almenak ongkos vrij.

**TEGEL FABRIEK „NAJA"**
Goenoengsabeulah Tasikmalaja.
—o—

Sajagi roepi roepi tegel, tetou buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng
**S. Najawilaga.**

**ROBINON ROBINON**
Jang amat perloe disediakan di dalem semoea roemah tangga!
jang amat perloe boeat orang toea atawa moeda:

**„ROBINON"**
**HUID- en WONDOLIE**

Minjak obat boeat SEGALA penjakit koelit dan SEGALA — loeka-loeka, besar ketjil. —
(Koelitnja digosok, loekanja ditoetoep sadja sama kapoek — pake minjak. —

**ROBINON** tida ada laen dari **ROBINON**

Satoe minjak jang ditanggoeng pasti dan dapet menjemboehken roepa-roepa penjakit koelit dan keroeksakan daging.
Harga satoe flacon 10 Gram . . . . f 0.25
20 „ . . . . f 0.50
30 „ . . . . f 0.75
Pembeli boeat djoeal lagi dapet korting dari 10% sampe 30%.

**Fabriek „ILTA"**
TASIKMALAJA.
Bisa dapet beli dari OEIJ HAN LIE Batikhandel Tasikmalaja.
Dioega sedia tempat sirih nikel harga per stel f 15.


**Ketoe Oedeng Makerij**
**HALIM**
**West Pasar straat 16 Bandoeng**


Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraena noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.
1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

**Prijscourant teu sajagi.**

**INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU**
**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**
Regentsweg 8, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.

Ajeuna minangkana mah bade ngajakeun referendum, naros ka sadaja Djoeragan langganan moepakat atanapi henteu oepami Sipatahoenan kaloear Saminggoe doea kali.

Dina postwisselformulier panagihan kwartaal ka IV '28 dina djoeroena bade diajaan tjariosan kieu: „Moepakat Sipatahoenan kaloear saminggoe doea kali".

Iau omongan koe noe moepakat mah antep bae oelah dikitoe kieu.

Langganan noe teu moepakat kana Sip. kaloear saminggoe doea kali disoehoenkeun kersa njoret eta seratan, tawis bade kaloear tina langganan Sip., oepami ieu s. k. kaloear saminggoe doea kali sareng artos langgananana djadi f 2,50 sakwartaal.

Langganan noe ditagihan koe kwitantie, sae njarios bae ka looper noe nagihan, oepami henteu moepakat Sipatahoenan kaloear doea kali saminggoe.

**Bestuur Pasoendan Tasikmalaja**

## Miss RIBOET.

Sanadjan tatjan oenggal djalma njaho kana djirimna ieu ngaran, tapi ari bedja bedja bae mah, geus tangtoe ngadengena, sabab ieu ngaran teh geus kamashoerkeun pisan, lain ngan bae di sakoeliah tanah Indonesia tapi ka saloeareun Indonesia oge geus katjeloek pisan.

Anoe araja di djero kota mah, tangtoe bae geus rea anoe njaksian sorangan kana djirimna ieu ngaran teh. Ari anoe saloeareun kota mah, bisa njahona kana ieu ngaran teh, nja eta tina plaat gramophoon. anoe matak sakitoe narekabna oge.

Perloe oge ditjaritakeun, naon sababna anoe matak ieu ngaran teh sakitoe mashoerna.

Moenggoehing awewe bangsa priboemi Indonesia mah, tatjan aja hidji tooneel speelster anoe kamashoerkeunana tjara Miss Riboet.

Tetela pisan jen Indonesia teh, koedoe madjoe tina sagala roepana.

Miss Riboet's Maleisch Operette Gezelschap „Orion" kamashoerkeunana teh kakara taoen taoen ieu bae. Ari pangna nepi ka mashoer kitoe teh, babakoena pisan nja koe Miss Riboetna tea, katambahan koe babatoeranana anoe sedjen.

Naha ari baheula henteu aja anoe mashoer kitoe?

Atoel: poegoeh bae ari ajana mah. Kira kira 20 taoen ka toekang, geus aja opera anoe kamashoerkeun teh, nja eta, lamoen henteu salah mah, ngaranna teh „Indo Opera vereeniging", anoe djadi djalan kamashoeranana babakoena pisan mah, doemeh aja Mej Marie Oordt.

Leungit ieu, kira kira 15 taoen ka toekang, anoe kamashoerkeun teh „Opera Poezie".

Ari ka-beh-dieuna, kira kira 10 taoen ka toekang, anoe kamashoerkeun teh „Opera Rohanie".

Ari ka-beh-dieunakeun pisan mah, anoe kamashoerkeun pisan teh, nja eta „The Malay Opera of Malakka".

Ieu teh, kateh oge meunang diseboetkeun lain pitoein wedalan priboemi Indonesia.

Dina mangsa mangsa harita oge, rea opera anoe laleutik anoe henteu sakoemaha kamashoerkeunana.

Anoe kamashoerkeun bareto teh, sanadjan dina naonana [bae oge, kawas moal bisa ngelehkeun kana kahadeanana Miss Riboet's Maleisch Operette Gezelschap „Orion" mah.

Ieu opera teh, ajeuna kabeneran keur aja di Bandoeng, 3 peuting koeting noron ka dinja, tapi henteu bisa laladjo, lantaran teu bisa asoep, koe tina pinoehna anoe laladjo. Ti klas anoe pangmoerahna, nepi ka klas anoe pangmahalna, nepi ka dedet padet pisan, sarta nepi ka aja ratoesan djalma, anoe kapaksa koedoe baralik bae.

Ka 4 peutingna tambah kapanasaran hate koering, bajang njaksian sorangan, oelah ngan kawaranan teuing koe bedja bae. Lamoen koering eat datangna tangtoe moal meunang tempat deui bae.

Horeng enja, teu salah noe njararita, pantes oerang Bandoeng sakitoe popohoanana.

Paparabotanana katjida araloesna, gagambaranana dina lajar sakitoe laloetjoena, toeroeg toeroeg kabeh tapak leungeunna oerang priboemi Indonesia, katjiri dina ngaran anoe ngagambarna tea.

Moesikna sakitoe ngareunahna, nepi ka moal eleh koe tabeuhna oerang Europa, toer anoe ngamoesikna teh, kabeh bangsa priboemi bae.

Dina prak prakanana maen, sarengkak saparipolah teh, matak lotjoe bae, nepi ka hese, lebah mana djeung naon anoe koedoe ditjawad teh.

Dina ngalalakon, nepi ka sagala djiga. sagala soeroep djeung anoe dilalakonkeunana.

Komo deui dina roepa roepa ialagoean mah, kajaning lagoe Europa, lagoe Tiong Hwa, lagoe Malajoe djeung lagoe Djawa, tjiudekna sagala lalagoean aja. Nja ieu pisan anoe narik kana hatena publiek teh.

Nja kitoe deui, dina dangsana oge rea pisan modelna.

Lamoen Miss Riboet's Maleisch Operette Gezelschap „Orion" lila ajana di Bandoeng, bawa rasa koering tangtoe pagadean mingkin pinoeh bae.

Tjarek bedja, sanggeusna maen di Bandoeng, rek pindah ka Garoet, geus moal heran lamoen toempleuna oerang Garoet oge, nja tjara di Bandoeng bae.

**B. S.**

# K A B A R

(Tina s. k. sanes).

Kangdjeng Dalem Bandoeng R. A. Wira Nata Koesoema ping 19 Augustus parantos soemping deui ke Bandoeng moelih perlop ti Eropa. Seueur noe mapagkeun sadjalan djalan, sapertos di Batawi, di Padalarang, di Tjimahi soemawonna di Bandoeng mah.

Noe saroemping ka Kaboepaten teu kinten seueurna Kg. Dalem Bandoeng bade moendoet perlop 14 dinten perloe anggoeun ngadamel laporanana ngoelik kaajaanana di Nagri.

—o—

Kijai Sanoesi di Soekaboemi noe disangka menghasoet bedjana diboeangna moal ka Digoel, tapi ka tempat sedjen deui.

—o—

Wethouder Staden ten Brink di Bandoeng rek menta eureun tina Wethouder, lantaran tjek djelema noe ngagasab doeit Gemeente Bandoeng diseboetkeun, jen manehna geus maen djeung Toean Staden ten Brink (I. d. Courant).

—o—

Provincie Oost-Java (Djawa Wetan) djeung Raad Raad Kaboepaten dina Januari 1929 mimiti ngadeg. Ajeuna keur mimiti milih lid lid Raad Kaboepaten.

—o—

Di Keulen (Djerman) autobus djeung tram diadoe. 6 djelema maot djeung 60 noe tatoe.

—o—

Dina waktoe Congres taroedak ngora di Ommen (Nederland) oetoesan ti Djerman protest pedah Nederland ngalarang asoep ka oetoesan ti Roeslan pikeun ngaioeoeh n eta Congres.

—o—

Djoer. Kiat Goan Tan lid Provinciale Raad Pasoendan oeroet Liknan Tionghwa di Tjiandjoer tilar doenja.

—o—

Hidji emploje bangsa Djepang di onderneming Boekit Tòesam (Deli) geus dipaehan koe hidji koeli bangsa Djawa di tanah datar Alas. (Aneta).

—o—

Koempoelan (vergadering) goeroe ngadji di Soematra Koelon teu moepakat kana ajana goeroe ordonnantie. Rek ngirim oetoesan ka G. G njoehoenkeun eta ordonnantie dirobah.

—o—

Toean E. Helfferich geus datang ka Amsterdam sarta teroes ka Hamburg.

—o—

Di Albanie di pirang pirang tempat aja meeting (vergadering) menta soepaja Albanie djadi karadjaan sarta noe djadi Radjana nja eta Ahmed Bey Zogu.

—o—

Minister kahidji di Prantjis Toean Poincaré kamari ieu pesta pedah oemoerna geus djedjeg 68 taoen.

—o—

Cosgrave oetoesan Ierland rek indit ka Parijs pikeun neken kontrak moal ngajakeun deui perang, antara Prantjis djeung Amerika Sarikat.

—o—

Ivy Hawakes, awewe Inggris geus ngodjaj di selat antara Inggris djeung Prantjis lilana 19 djam leuwih.

—o—

Kareta api di Siberie dieureunkeun di djalan koe bangsa Mongcol taroempak koeda.

—o—

Kaom koeminis di Hindia Inggris kanjahoan tina soesoeratanana rek ngajakeun pergerakan ngaraman.

—o—


Wawatjan Lajang Sech Abdoel Kodir Djaelani tamat 100+50 manakib pangaos f 4 —

Kantoen saeutik deui. Boekoena kandel ageung djilid karton dikembang kembang

Weweling ka noe aranom sareng sepoeh f 0.30 karangan Boedjangga Djoeragan Aria Mangoenredja, teu kedah dipoedji deui.

Noe ngantos pesenan
**R. Tisnawidjaja.**
Penningmeester B. K.
Djadjawaj
Tasikmalaja.

Kenging oge ngagaleuh ka Toko v/h Pasoendan Tasikmalaja.



**Kleermaker M. SOEAFDI**
Gang Bruijns & Thijssen No. 8.
**BANDOENG.**

Trima pekerdjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoeroet model baroe dan enak dipakenja. Ditanggoeng baik, lekas dan harga lebih moerah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Pandeglang.

**Djoega ada sedia roepa roepa kaen.**



**TAN JOE AN**
**TOEKANG GIGI**
Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa - roepa dan bisa obatin penjakit gigi.
Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes



Para Djoeragan sareng saderek saderek pameget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelem di

**HOTEL SLAMET**
**BANDOENG.**
Kebondjatiweg 41
angkat ti Station kinten 3 menit.

Tarief Klas I f 2.— doeaan f 3 —
„ II f 1 50 „ f 2.50

sonten vrij thee, endjing endjing kenging koffie soesoe endog hajam sareng roti.

Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan hegar, nganggo verdieping (balkon). rawatan beresih, lampoe electrisch, tjai leiding, djongos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.

Hormat noe ngadjeng ngadjeng
**E. Carno**
Eigenaar.



**TOKO**
**NIC MULLER**
Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.
**TASIKMALAJA.**

SAGALA LANDONG SAJAGI.

Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe teu atjan kenal.

Sajagi: Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit. Pohara perloe disajagikeun di dessa.

kabar djeung atoeranana kenging di toko.

Pangaos compleet moeng f 12,50

Sajagi: PAINKILLER (landong sariboe goena) anoe tiasa dianggo kana sagala kasawat di djero sareng tiasa dianggo ngosok salira.

Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoeun njelep raksoekan, samping badjoe s. n. k.

Sajagi. Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes²: Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonjo, lisah seungit wedak wedakan, pondokna ka perloean toilet istri sareng pameget.

Sajagi: Sesepeun sareng goela-goela.

Mangga tingalian ka toko, di tampi sareng kaweningan-hate.

Noe ngantos

**NIC MULLER.**



**Schoenmakerij en Kleermakerij**
„Malah Mandar"
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih moeelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen
**O. Sasmita.**



**Preanger Chemicaliën Handel**
**TASIKMALAJA**
**Telefoon No. 76.**

Ajeuna noe gadoehna parantos gentos.

Salamina sajagi obat patent sareng roepi-roepi deui. Sajagi sigaret, soeroetoe roepi-roepi noe raos.

Sajagi katja panon model ajeuna. aja noe londjod. boender sareng noe nganggo peujoe, didamelna tina nekel, double atanapi emas pangaos pantes, ditanggel sae, kenging ditingalian di Toko.

Noe parantos kenal kenging masihan bon sapertos noe parantos-parantos.

Noe ngantos-ngantos
**VISSER**
Ass. Apotheker en Opticien.



**Toko OBAT G. M. SHEKH SAHIB**
**dari Hindoestan**
Pasarweg No. 32 Tjihideung Gede
**TASIKMALAJA.**

Dalem tiga boelan gratis (tida oesah bajar) bisa bikin baik penjakit aambeien (bawasir, ambej) dalam 2 minggoe tanggoeng baik.

Dengan bajaran bisa bikin semboeh penjakit apa sadja, seperti sakit kentjing, syphilis (radjasinga), penjakit koelit, sakit astma (mengi), perempoean kotoran koerang baik dan segala roepa penjakit jang lain lain. Semoea djadi baik zonder operatie.



**AL-FOER-QAN**
**Tafsir Qoer'an**

Satoe tafsir jang beloem pernah ada bandingannja di segala bahasa.

Diartikan tiap-tiap satoe kalimah dari satoe ajat setjara woordenboek, lantas diberi arti rangkaian, lantas diberi katerangan (noot), lantas diberi rengkasan boeat tiap-tiap ajat.

Satoe ajat diterangkan ampat kali.

Boleh dapat tjontoh pertjoema.

Tiap-tiap satoe bagian harga f 1.—

Bisa dapat dari kantoor „PERSATOEAN ISLAM"
Pengeran Soemedangweg Bandoeng.



**Toko Boekoe**
**TROMP DE HAAS**
voorheen toko **WEBER**

DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

Sajagi roepi-roepi: **Vulpen houder** sareng parabot **sakola** sareng **Kantor** Ngitjal **penmas** pikeun vulpen.